प्रश्न पुस्तिका क्रमांक / Question Booklet Serial No. :

# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2026
# माध्यमिक स्कूल परीक्षा – 2026

(ANNUAL / वार्षिक )

MODEL QUESTION PAPER

MAITHILI (OPTIONAL)

मैथिली (ऐच्छिक)

विषय कोडः
Subject Code : **124**

**प्रश्न पुस्तिका सेट कोड**
**Question Booklet Set Code**

कुल प्रश्न : 100 + 6 = 106
Total Questions : 100 + 6 = 106

कुल मुद्रित पृष्ठ :22
Total Printed Pages : 22

(समय : 3 घंटे 15 मिनट)
[Time : 3 Hours 15 Minutes]

(पूर्णांक : 100)
[Full Marks : 100]

---

**परीक्षार्थियों के लिए निर्देश / Instructions for the candidates :**

1- परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।

2- परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।

3- दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।

4- प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।

5- यह प्रश्न पत्र दो खण्डों में विभक्त हैं – खण्ड "अ" एवं खण्ड "ब"।

6- खण्ड "अ" में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का ही उत्तर देना अनिवार्य हैं। 50 से अधिक प्रश्नों के उत्तर देते हैं, तो प्रथम 50 उत्तरों का ही मूल्यांकन किया जायेगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। उत्तर को उपलब्ध कराये OMR उत्तर–पत्रक पर सही विकल्प को काले/नीले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के व्हाइटनर/ तरल पदार्थ/ ब्लेड/नाखून आदि का OMR उत्तर पत्रक में प्रयोग नहीं करें अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7- खण्ड "ब" में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के अंक निर्धारित है।

8- किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड – अ / Section-A

### वस्तुनिष्ठ प्रश्न / Objective Type Questions

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय OMR शीटमे भरू। उक्तमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ। $50 \times 1 = 50$

1- 'युग–धर्म' शीर्षक रचयिता छथि –

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (B) आरसी प्रसाद सिंह

(C) बिलट पासवान 'विहंगम' (D) नवीन चन्द्र मिश्र

2- उदयचन्द्र झा 'विनोद'क रचना अछि –

(A) अकाल–अनूदित (B) गाम आ शहर

(C) हम भेटब (D) फूलक नोर खसल

3- 'पद्‌मश्री'सँ सम्मानित भेलाह/भेलीह –

(A) जगदम्बा देवी (B) गंगा देवी

(C) बिलट पासवान 'विहंगम' (D) उक्त तीनू

4- 'युग–धर्म' शीर्षकमे 'बूढ़ा' कहल गेल छनि –

(A) ब्रह्मा जीकेँ (B) विष्णु जीकेँ

(C) महादेवकेँ (D) घरक बूढ़–पुरानकेँ

5- विद्यापतिक जन्म मानल जाइछ –

(A) तेरहम शताब्दीमे (B) चौदहम शताब्दीमे

(C) पन्द्रहम शताब्दीमे (D) सोलहम शताब्दीमे

6- निम्नलिखितमे सामाजिक नाटक अछि –

(A) मनोरथ
(B) पहली तारीख
(C) सोनक ममता
(D) परदेश

7- विशाल जनसंख्याक जीविकाक साधन अछि –

(A) नौकरी
(B) मजदूरी
(C) कृषि
(D) व्यवसाय

8- दरभंगामे औद्योगिक क्षेत्र विकास प्राधिकारणक स्थापना भेल रहय –

(A) 1976 ई० मे
(B) 1990 ई० मे
(C) 2000 ई० मे
(D) 2001 ई० मे

9- गरीब–गुरबाक ध्यान शिक्षाक तरफ आकर्षित करबाक योजना अछि –

(A) पोशाक योजना
(B) साइकिल योजना
(C) मध्याह्न भोजन योजना
(D) उक्त तीनू योजना

10- 'मैथिली दशरूपक'क लेखक छथि –

(A) दिनेश कुमार झा
(B) देवकान्त झा
(C) जयकान्त मिश्र
(D) दुर्गानाथ झा 'श्रीश'

11- चन्दा झाक पैतृक गाम छलनि –

(A) ठाढ़ी
(B) पिण्डारुछ
(C) टेकटारि
(D) तरौनी

12- साहित्य, संगीत आ कलासँ रहित व्यक्ति कहाइत छथि –

(A) दानव (B) मानव

(C) दनुज (D) पशु

13- 'विनोद' उपनामें ख्यात छथि –

(A) नवीन चन्द्र मिश्र (B) आरसी प्रसाद सिंह

(C) बिलट पासवान (D) उदय चन्द्र झा

14- "किताबी कीड़ा बनब" केर अभिप्राय होइछ –

(A) कीड़ासँ दुश्मनी होएब (B) हरदम पढैत रहब

(C) किताबमे कीड़ा भए जाएब (D) कीड़ाक बीचमे किताब रहब

15- 'अकाल' शीर्षक कवितामे ककरा उदास बना देने छै ?

(A) घरकँ (B) दुआरिकँ

(C) आँगनकँ (D) ओलतीकँ

16- "कॉपि रहल छै .......... हे।" –

एतए रिक्तस्थानमे होएत –

(A) पात (B) गाछ

(C) फूल (D) गात

17- 'सनातन मान'क केर रचनाकार छथि –

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (B) आरसी प्रसाद सिंह

(C) बिलट पासवान 'विहंगम' (D) मेनका मल्लिक

18- 'घर' शब्दसँ विशेषण बनैछ –

(A) घरही (B) घेरल

(C) घरैआ (D) (A) एवं (C) दूनू

19- 'मिथिलांचलक उत्थान' शीर्षकक रचनाकार छथि –

(A) नरेन्द्र झा (B) नवीनचन्द्र मिश्र

(C) मार्कण्डेय प्रवास (D) बिलट पासवान 'विहंगम'

20- 'पृथ्वी ते पात्रं' साहित्यिक विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) कथा (B) उपन्यास

(C) नाटक (D) महाकाव्य

21- 'श्रीगणेश करब' केर अभिप्राय होइछ –

(A) गणेशक नाम लेब (B) गणेशकँ शोर करब

(C) कार्यारम्भ करब (D) सर्वप्रथम गणेशक पूजा करब

22- 'ऊँटक मुहमे जीराक फोरन' केर अभिप्राय होइछ –

(A) ऊँट मुहमे जीराक फोरन रखैछ (B) जीरा ऊँटक मुहमे फोरनक काज करैछ

(C) अधिक खयनिहारकँ थोड़ सामग्रीसँ की हो? (D) ऊँट नीक–नीक चीज खाइछ

23- स्वर सन्धिक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

24- "हमरालोकनि गाम जायब" उदाहरण थिक –

(A) वर्तमान कालक (B) भूत कालक

(C) भविष्यत कालक (D) सामान्य भूतकालक

25- 'आँखि' शब्दक पर्यायवाची थिक –

(A) नयन (B) दृग

(C) चक्षु (D) उक्त तीनू

26- उत् + चारण = 'उच्चारण' उदाहरण थिक –

(A) स्वर सन्धिक (B) व्यञ्जन सन्धिक

(C) विसर्ग सन्धिक (D) गुण सन्धिक

27- ईश्वरमे विश्वास कयनिहार कहाइत छथि –

(A) शाक्त (B) शैव

(C) आस्तिक (D) वैष्णव

28- 'निरोग' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) नि + रोग (B) निरो + ग

(C) निः + रोग (D) निर + ओग

29- 'कारक'क भेद होइछ –

(A) दू (B) चारि

(C) छओ (D) आठ

30- "ई जकर होइक से लऽ जाओ मे" 'ई' उदाहरण थिक –

(A) पुरुषवाचक सर्वनामक
(B) प्रश्नवाचक सर्वनामक
(C) निश्चयवाचक सर्वनामक
(D) अनिश्चयवाचक सर्वनामक

31- चीनी उद्योगक विकास प्रारम्भ भेल –

(A) 1930 ई० मे
(B) 1932 ई० मे
(C) 1942 ई० मे
(D) 1950 ई० मे

32- राष्ट्रक पूँजीक द्योतक थिक –

(A) जनशक्ति
(B) धनशक्ति
(C) बौद्धिकशक्ति
(D) औद्योगिकशक्ति

33- यातायात साधनक विशेष महत्त्व अछि –

(A) आर्थिक विकासमे
(B) सामाजिक विकासमे
(C) बौद्धिक विकासमे
(D) उक्त तीनूक विकासमे

34- 'मिथिलाक पिकासो' कहल गेल छनि –

(A) जगदम्बा देवीकैँ
(B) गंगादेवीकैँ
(C) महासुन्दरी देवीकैँ
(D) उक्त सभकैँ

35- "राजा वैह जे प्रजाक रक्षा करथि" उक्ति अछि –

(A) चण्डेश्वर ठाकुरक
(B) कामेश्वर ठाकुरक
(C) अलबरूनीक
(D) विद्यापति ठाकुरक

36- 'राजनीति रत्नाकर'क लेखक छथि –

(A) चण्डेश्वर ठाकुर
(B) लक्ष्मीश्वर ठाकुर
(C) कामेश्वर ठाकुर
(D) विद्यापति ठाकुर

37- बौद्धमतक प्रभावसँ मिथिलाकँ बचैबामे प्रमुख भूमिका छल –

(A) कुमारिल भट्टक
(B) उदयनाचार्यक
(C) मंडन मिश्रक
(D) (A) आ (B) दूनूक

38- 'सांख्य दर्शन'क प्रणेता छलाह –

(A) गौतम
(B) कणाद
(C) जैमिनी
(D) कपिल

39- भारतीय दर्शनक मुख्य शाखा मानल जाइत अछि –

(A) दू
(B) तीन
(C) पाँच
(D) छओ

40- 'सम आस्पेक्ट्स ऑफ मैथिल कल्चर'क लेखक छथि –

(A) गंगानाथ झा
(B) अमरनाथ झा
(C) जयकान्त मिश्र
(D) रमानाथ झा

41- "ई पोखरि ककर छैक" मे 'ई' सर्वनाम अछि –

(A) सम्बन्धवाचक
(B) निश्चयवाचक
(C) निजवाचक
(D) पुरुषवाचक

42- 'संज्ञा' क बदलामे जकर प्रयोग कएल जाए, कहाइछ –

(A) विशेषण (B) सर्वनाम

(C) क्रिया (D) क्रिया विशेषण

43- कलाक अभिवर्द्धनक संदर्भमे प्रमुख राजनेता छलाह –

(A) ललित नारायण मिश्र (B) नागेन्द्र झा

(C) अब्दुल कलाम आजाद (D) राधानन्दन झा

44- 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार नहि भेटल छनि –

(A) मार्कण्डेय प्रवासीकैँ (B) आरसी प्रसाद सिंहकैँ

(C) उदयचन्द्र झा 'विनोद'कैँ (D) भाग्यनारायण झाकैँ

45- मिथिलामे जनसंसाधन ओ प्रबन्धन' नामक पुस्तक लिखने छथि

(A) नरेन्द्र झा (B) नवीन चन्द्र मिश्र

(C) मार्कण्डेय प्रवासी (D) सुकान्त सोम

46- 'खट्टर ककाक तरंग' नामक पुस्तकक रचयिता छथि –

(A) मार्कण्डेय प्रवासी (B) नरेन्द्र झा

(C) हरिमोहन झा (D) बिलट पासवान 'विहंगम'

47- 'सावित्री' शब्द संज्ञाक भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) जातिवाचक (B) व्यक्तिवाचक

(C) समूहवाचक (D) भाववाचक

48- 'शिक्षक' शब्दक स्त्रीलिंग होइछ –

(A) शिक्षिका (B) शिक्षका

(C) शिक्षकी (D) शिक्षीका

49- 'फल' शब्द, शब्दभेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) संस्कृत तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

50- 'पराधीन'क विपरीतार्थक शब्द होइछ –

(A) परतंत्र (B) गुलाम

(C) स्वाधीन (D) परवश

51- 'दिनकर' शब्दक पर्यायवाची अछि :

(A) सूर्य (B) दिवाकर

(C) सूरज (D) उक्त तीनू

52- 'गोनू झाक बिलाइ' क अभिप्राय होइछ –

(A) गोनू झा बिलाइ पोसने छलाह (B) गोनू झा आ बिलाइमे दोस्ती छलनि

(C) गोनू झा मनुक्ख आ बिलाइ जानवर (D) ठेस लगलासँ बुद्धि बढ़ैछ

53- जगत्+नाथ = 'जगन्नाथ' उदाहरण थिक –

(A) स्वर सन्धिक (B) व्यञ्जन सन्धिक

(C) विसर्ग सन्धिक (D) गुण सन्धिक

54- 'आगि होयब' केर अभिप्राय होइछ –

(A) क्रोधित होएब (B) आँखि लाल करब

(C) बच्चाकँ क्रोधँ पुकारब (D) आगिक उपस्थिति

55- 'नरेश' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) नृप (B) राजा

(C) भूप (D) उक्त तीनू

56- "कनही गायकँ भिन्ने बथान" क अभिप्राय होइछ –

(A) दोषीकँ एकान्त नीक लगैछ (B) दोषी हमेशा चिंतित रहैछ

(C) एकान्तवास करब (D) गुमनाम जीवन बिताएब

57- 'प्राक्' उपसर्गसँ शब्द बनैछ –

(A) प्राककथन (B) प्राकथन

(C) प्राक्कथन (D) पराकथन

58- 'आउ' प्रत्ययसँ बनल शब्द थिक –

(A) खाउ (B) टिकाउ

(C) धराउ (D) उक्त तीनू

59- 'भ्रम' शब्दक विशेषण होइछ –

(A) भ्रमाह (B) भ्रान्त

(C) भ्रामक (D) उक्त तीनू

60- विदेशमे मधुबनी पेंटिंगक विस्तार भेइलैक –

(A) ललित नारायण मिश्रसँ
(B) पुपुल जयकरसँ
(C) जगदीश चन्द्र माथुरसँ
(D) उक्त तीनूसँ

61- "चोटायल साँप"क अभिप्राय होइछ –

(A) साँपकेँ मारब
(B) बैरी
(C) साँपकेँ थोड़ेक मारब
(D) साँपकेँ मारि कऽ छोड़ि देब

62- 'फ' वर्णक उच्चारण स्थान अछि –

(A) कण्ठ
(B) ओष्ठ
(C) तालु
(D) दन्त

63- 'समदाउन' गीत गाओल जाइछ –

(A) पुत्रवधूकेँ अयबा कालमे
(B) बेटीकेँ अयबाकालमे
(C) बेटीकेँ जयबाकालमे
(D) पुत्रबधूकेँ जयबाकालमें

64- 'तरुणी' क अर्थ होइछ –

(A) नदीक किनार
(B) नवयुवती
(C) नवयौवना
(D) (A) आ (B) दूनू

65- 'दोयम दर्जा'क अभिप्राय होइछ –

(A) दोसर दर्जा
(B) निम्न दर्जा
(C) उत्कृष्ट दर्जा
(D) (A) आ (B) दूनू

66- 'बूढ़ वर' पात्र अछि –

(A) मार्कण्डेय प्रवासीक (B) बिलट पासवान 'विहंगम'क

(C) नवीनचन्द्र मिश्र (D) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'क

67- "बेटीकेँ ताड़ जकाँ बढ़बाक" अभिप्राय होइत अछि –

(A) बेटी लम्बा भऽ गेल अछि (B) बेटीक लम्बाइ बढ़ि रहल अछि

(C) बेटी विवाह योग्य भऽ गेलीह (D) बेटी नमछर छथि

68- "ओ अपनहि कार्य कएलनि" मे 'सर्वनाम' अछि –

(A) निजवाचक (B) सम्बन्धवाचक

(C) अनिश्चयवाचक (D) पुरुषवाचक

69- 'झूमि रहल पाथर मन' साहित्यिक विधाक अन्तर्गत अछि –

(A) कथा (B) उपन्यास

(C) गीत–गजल संग्रह (D) महाकाव्य

70- पाठ्यांशमे "जनमितहि मारि दितिअइ नोन चटाक" कटूक्ति अछि –

(A) समाजक (B) पिताक

(C) भाइक (D) बेटीक

71- समासक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) छओ

72- "ओ कोन कार्य कयलनि?" सर्वनामक उदाहरण अछि –

(A) सम्बन्धवाचक (B) निश्चयवाचकक

(C) अनिश्चयवाचकक (D) प्रश्नवाचकक

73- 'यश' शब्दसँ विशेषण बनैछ –

(A) यशस्वी (B) यशी

(C) यशवान (D) उक्त तीनू

74- 'पथार' शब्द लिंगभेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) पुँल्लिग (B) स्त्रीलिंग

(C) उभयलिंग (D) नपुंसकलिंग

75- 'खाक छानब' केर अभिप्राय होइछ –

(A) भटकब (B) गंदगी हटायब

(C) नीक चीज निकालब (D) छाउरकँ छानि हटायब

76- महा + औषधि = महौषधि, उदाहरण थिक –

(A) दीर्घ सन्धिक (B) गुण सन्धिक

(C) वृद्धि सन्धिक (D) यण् सन्धिक

77- 'पत्र' शब्दक अर्थ होइछ –

(A) पात (B) पन्ना

(C) चिट्ठी (D) उक्त तीनू

78- 'पद्मश्री' उपाधिसँ सम्मानित छथि –

(A) सुनयना देवी (B) जगदम्बा देवी

(C) यमुना देवी (D) शोभा देवी

79- 'सलेहसामण' साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) नाटक (B) खण्डकाव्य

(C) उपन्यास (D) महाकाव्य

80- पोथी जकरा 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटल होइक

(A) माटिक दीप (B) पूजाक फूल

(C) सूर्यमुखी (D) मेघदूतक मैथिली अनुवाद

81- भाग्यनारायण झा द्वारा लिखित एकांकी थिक –

(A) सोनक ममता (B) परदेश

(C) मनोरथ (D) उक्त तीनू

82- पाठ्यांशक अनुसार जर्मन भाषा प्रभावित कऽ रहल अछि –

(A) भारतक संस्कृत भाषाकेँ (B) अंगरेजी भाषाकेँ

(C) मैथिली भाषाकेँ (D) उर्दू भाषाकेँ

83- "पाँच व्यक्तिक भोजन चाही" मे 'पाँच' थिक –

(A) गुणवाचक विशेषण (B) संख्यावाचक विशेषण

(C) परिमाणवाचक विशेषण (D) निश्चयवाचक विशेषण

84- 'हाथीक दाँत' बहुमूल्य होइछ' मे 'हाथीक दाँत' उदाहरण थिक –

(A) करण कारकक (B) अपादान कारकक

(C) सम्बन्ध कारकक (D) सम्बोधन कारकक

85- 'महेश' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) महा + ईश (B) महे +श

(C) महा + इश (D) माहे + श

86- सुर + इन्द्र = सुरेन्द्र, उदाहरण थिक –

(A) दीर्घ सन्धिक (B) गुण सन्धिक

(C) वृद्धि सन्धिक (D) यण् सन्धिक

87- 'रंग' शब्दसँ विशेषण बनैछ –

(A) रंगल (B) रंगवाज

(C) रंगीला (D) (A) आ (C) दूनू

88- 'यथाशक्ति' शब्द समास भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्पुरुष (B) कर्मधारय

(C) अव्ययी भाव (D) बहुब्रीहि

89- "गुरु गूड़ चेला चिनी" केर अभिप्राय होइछ –

(A) गुणमे बड़सँ छोट बढ़ल (B) गूड़ लाल होइछ आओर चेला उज्जर

(C) गुरु गूड़क काज करैछ आओर चेला चिन्नीक

(D) गुरु भारी तँ चेला हल्लुक

90- 'ठेस लगने बुद्धि बढ़ए' लोकोक्तिक अभिप्राय होइछ –

(A) असफलता सफलताक जननी थिक (B) ठेस लगने सचेत भऽ जाइछ

(C) ठेस लगलासँ बुद्धि कुण्ठित भऽ जाइछ (D) ठेस लगने नीचा खसैछ

91- "कुहरय सकल किसान हे" पाँती अछि :

(A) 'फूलक नोट खसल' शीर्षकक (B) 'सनातन मानव' शीर्षकक

(C) 'हम भेटब' शीर्षकक (D) 'युगधर्म' शीर्षकक

92- देशक एकता कमजोर होइत अछि –

(A) भाषा विवादसँ (B) भाषाक आधारपर राज्य निर्माणसँ

(C) सम्प्रदायवादसँ (D) उक्त तीनूसँ

93- 'पाग–दोपटा, फूल–चानन, गीत–अरिपन' इत्यादिक चर्चा भेटैत अछि –

(A) 'सनातन मानव'मे (B) 'युग–धर्म'मे

(C) 'गाम आ शहर'मे (D) 'हम भेटब'मे

94- 'छाती फारब' क अभिप्राय होइछ –

(A) दू फाँक भए जाएब (B) छाती टुटि जाएब

(C) धरती फाटि जाएब (D) दुःख होएब

95- देवकान्त झा लिखैत छथि –

(A) कथा (B) कविता

(C) निबंध (D) उक्त तीनू

96- 'साहित्य अकादेमी'सँ पुरस्कृत अछि –

(A) राधा–विरह
(B) पत्रहीन नग्न गाछ
(C) माटिक दीप
(D) (A) आ (B) दूनू

97- 'बुच्ची दाइ'क उल्लेख भेटैत अछि –

(A) मार्कण्डेय प्रवासीक काव्यमे
(B) 'यात्री'क रचनामे
(C) हरिमोहन झाक रचनामे
(D) 'विहंगम' क रचनामे

98- देवकान्त झाक रचना अछि :

(A) कथाकल्प
(B) मैथिली दसरूपक
(C) ए हिस्ट्री ऑफ मॉडर्न मैथिली लिटरेचर
(D) उक्त तीनू

99- नलिन विलोचन शर्मा पुरस्कार प्राप्त कएलनि –

(A) बिलट पासवान 'बिहंगम'
(B) देवकान्त झा
(C) नरेन्द्र झा
(D) भाग्यनारायण झा

100- 'स्वान्तः सुखाय' केर अभिप्राय होइछ –

(A) स्वार्थसाधन
(B) परार्थ–सिद्धि
(C) अपन हृदय सुख लेल
(D) लोक कल्याण लेल

## **खण्ड – ब / Section-B**

## **विषयनिष्ठ प्रश्न**

उत्तर मैथिली (तिरहुता अथवा देवनागरी मे) लिखू।

1- निम्नलिखितमे कोनो **एक** विषय पर निबंध लिखू (लगभग 250–300 शब्दमे) : $1 \times 10 = 10$

(क) हमर महत्त्वाकांक्षा

(ख) आतंकवाद

(ग) चौठचन्द्र पाबनि

(घ) दहेज प्रथा

(ड.) बिहारमे विधान सभा चुनाओ

2- निम्नलिखितमे कोनो **एक** प्रश्नक उत्तर दिअ : $1 \times 7 = 7$

(क) वार्षिक परीक्षाक तैआरी लेल किछु विशेष खर्चाक माँग करैत पिताजीकेँ पत्र लिखू।

(ख) फार्म भरबाक क्रममे निर्धन छात्र कोषसँ सहायतार्थ प्राचार्य/प्रधानाचार्यसँ आवेदन करू।

3- शीर्षक दैत कोनो दू उद्धरणक संक्षेपण करू : $2 \times 4 = 8$

(क) भारतवर्ष हमेशा विश्वशान्तिक पक्षधर रहल अछि। विश्वक आन–आन देश अपन वर्चस्व स्थापित करबा लेल अस्त्र–शस्त्रक भय देखाकऽ डरैबाक चेष्टा करैत रहैत अछि। एहि अभियानमे अग्रसर रहल अछि–रूस, अमेरिका आ विलायत। ई राष्ट्र युद्ध लेल हमेशा एक दोसरकेँ उकसबैत रहैत अछि, परन्तु भारतक रास्ता भिन्न अछि। एहि ठाम बुद्ध आ महावीर भेलाह अछि। हमरालोकनि विश्वस्तर पर शाश्वत शान्ति राखऽ चाहैत छी।

(ख) आइ सर्वत्र उदासी व्याप्त अछि। चरित्रमे ह्रास भेल जा रहल अछि, मुदा जौं हम सभ मिलिकऽ एहि दिशामे तन–मनसँ लागि जाइ–तँ चरित्ररूपी गाड़ीक हम कुशल चालक बनि सकैत छी आओर चरित्ररूपी गाड़ीक लुढ़कवासँ बचा कऽ सही दिशामे अग्रसर कऽ सकैत छी, मुदा एकरा लेल पहिने चरित्रवान बनऽ पड़त आ मौन व्रतधारी जकाँ एहि दिशामे बढ़ऽ पड़त। दीप–सदृश तिल–तिल जरि कऽ अपन प्राणक आहुति देबऽ पड़त।

(ग) सभ दिस मुह देने कतहु कार्य साधनक सम्भावना नहि। एकहि समयमे सभ कार्यपर ध्यान रखबासँ एकहु कार्यमे सफलताक आशा नहि। एहि प्रकारक मनुष्यक जीवन बिनु पतवारक नाओ–सदृश देखि पड़ैछ, जे वायुक झोंकपर निर्भर रहि भंवरक बीच पड़ि गेलापर सदा लेल डूबि जाइछ, अतः स्पष्ट अछि जे जीवनकेँ सफल बनाबए लेल जीवनक उद्देश्य स्थिर हो, जकर प्राप्ति लेल मानव सदा साकांक्ष रहि कए कार्य सम्पादन करथि।

(घ) मनुक्खक हृदयमे स्वदेश प्रेम सभ तरहेँ आवश्यक, स्वाभाविक आ महत्त्वपूर्ण अछि। एहि प्रेमकेँ अक्षुण्ण बना कऽ राखय हेतु देशवासीकेँ उद्यत रहब उचित अछि। एहि पुनीत कार्य लेल स्वार्थक त्याग करब सर्वथा उचित थिक। तन–मन–धन आ मनसा–वाचा–कर्मणा लागि कय स्वदेश प्रेमकेँ अपना कय चलने देश थोड़हि दिनमे उन्नति कय सकैछ।

4- निम्नलिखितमे कोनो **एकटाक** आशय लिखू 1 × 5 = 5

(क) मुदा रक्त तँ वैह देहमे एक हृदयमे प्राण स्पंदन।
भाषा धर्म अनेक पंथ–मत, मुदा एक दुःख–सुख जग जीवन।।

(ख) यातायात साधन मात्र आर्थिके नहि, सामाजिक, सांस्कृतिक आ बौद्धिक दृष्टिकोणसँ महत्त्व रखैछ। यदि कृषि एवं उद्योग राष्ट्ररूपी प्राणीक शरीर ओ हड्डी थिक तऽ यातायात ओकर जीवन तंतु।

5- निम्नलिखिमे कोनो **पाँच** लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ : 5 × 2 = 10

(क) भारतक भावनात्मक एकता लेल शंकराचार्यक योगदानक उल्लेख करू।

(ख) 'यात्री' अनमेल विवाहक विरोध कोना कयलनि अछि ?

(ग) भारत एकटा नीक बाजार अछि, कोना ?

(घ) "सर्वे भवन्तु सुखिनः" केर अभिप्राय लिखू ?

(ङ.) पाठ्यांशक कवितामे 'शील' आओर 'आदर्श'क की मतलब अछि ?

(च) 'धर्म निरपेक्षता' सँ की तात्पर्य अछि ?

(छ) राजधानी लगक गाम केहन लगैत छैक ?

(ज) वैश्वीकरणक की अभिप्राय होइछ? लिखू।

(झ) 'गोसाउनिक घर'सँ की तात्पर्य अछि ?

(ञ) शहरक कोनो दू विशेषताक उल्लेख करू।

6- निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्नमे कोनो दूटाक उत्तर दिअ : $2 \times 5 = 10$

(क) वैश्वीकरणसँ होबएबला लाभ–हानिक चर्चा करू।

(ख) पठित कविताक आधारपर आजुक 'युग–धर्म'क चर्चा करू।

(ग) 'गाम आ शहर' कविताक आधारपर गामक विशेषताक वर्णन करू।

(घ) मानवक विकास लेल वैज्ञानिक योगदान कएलनि, संक्षेपमे लिखू।